

Èske ou se yon rezidan New York ki gen plis pase 45 lane epi ou pa gen asirans sante?

Èske ou te konnen ou kapab kalifye pou yon kolonoskopi grasa NYC Community Cares Project?

Kisa yon kolonoskopi ye?

A kolonoskopi se yon fason pou fè yon tès depistaj pou kansè nan gwo trip. Li gendwa sove lavi ou.

Poukisa mwen ka bezwen youn?

Pandan yon kolonoskopi, doktè ou ka tcheke si ou gen chè ki pa nòmal nan gwo trip ou ak dèyè ou, epi retire polip ak boul ki pa nòmal ki ka ba ou kansè yo.

Si ou gen yon risk mwayèn* epi tès depistaj pou kolonoskopi ou yo negatif, w ap bezwen fè youn sèlman chak 10 zan.

*Pale ak doktè ou pou w konnen ki risk ou genyen.



Rezidan New York ki pa gen asirans sante yo epi ki gen plis pase 45 lane yo kalifye pou yon kolonoskopi gratis grasa NYC Community Cares Project la, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo![†]

[†]Selon kantite moun nou ka pran.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou NYC Community Cares Project, voye yon imèl bay CCP@health.nyc.gov oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "free colon cancer screenings" (tès depistaj gratis pou kansè nan gwo trip).

NYC
Health